



Pou Piblikasyon Imedya: 30/04/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SÈVIS MANJE ANDEDAN NAN VIL NEW YORK
PRAL OGMANTE KAPASITE YO NAN 75 POUSAN APATI 7 ME**

Aliyen Vil New York avèk limit kapasite 75% nan lòt kote nan Eta New York

***Sant jimnastik ak kondisyònman fizik yo nan Vil New York pral ogmante kapasite
yo nan 50% apati 15 me***

***Salon kwafi, kwafè ak lòt sèvis swen pèsònèl yo pral ogmante kapasite yo nan
75% apati 7 me***

***Dekrè Egzekitif ki etabli estrateji zòn mikwo-gwoup yo pral anile sou baz pwogrè
eta a nan konbat pandemi COVID-19 la***

Kliyan ak biznis yo dwe kontinye swiv direktiv sante eta a

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke manje andedan nan Vil New York pral ogmante kapasite yo nan 75 pousan apati vandredi 7 me. Sa aliyen Vil New York avèk rès Eta New York. Gouvènè a te anonse tou ke salon kwafi, kwafè ak lòt sèvis swen pèsònèl yo pral ogmante kapasite yo nan 75 pousann apati 7 me. Sant jimnastik ak kondisyònman fizik yo nan Vil New York pral ogmante kapasite yo nan 50 pousan apati 15 me. Tout chanjman yo sijè ak direktiv sou sante piblik eta a ki gen ladan distans sosyal ak mask.

Gouvènè a te anonse tou ke li pral anile Dekrè Egzekitif ki etabli estrateji zòn mikwo-gwoup la sou baz pwogrè Eta New York kont pandemi COVID-19 la. Direktiv sante piblik eta a ki aplikab yo dwe toujou respekte pou tout endistri yo.

"Aprè yon batay long ak difisil toutbon, Eta New York ap genyen gè a kont COVID-19 epi sa vle di se lè pou relache kèk restriksyon ki te mete anplas pou pwoteje sante piblik ak ede biznis lokal nou yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pa gen dout ke restoran yo te pami biznis ki te plis frape pandan pandemi an epi endistri restoran pwospè Vil New York la te twouve li difisil pou kenbe pèsònèl yo ak fè pwofi. N ap fasilite restriksyon sou restoran yo, sèvis swen pèsònèl yo ak jimnaz yo pou mete plis kòb nan pòch pwopriyete ti biznis yo ak moun k ap travay nan Vil New York yo, ke pandemi an te tèlman frape di men, mwen pa gen dout, y ap retounen pi djanm ke jamè."

Anons sa a ajoute sou mezi Gouvènè a pran dènyèman yo pou kontinye re-ouvè ekonomi an nan mitan yon bès konstan nan kantite ka pozitif ak ospitalizasyon COVID-19 nan New York. Nan dat 28 avril, Gouvènè Cuomo te ke [kouvrefe pou sèvis manje ak bwason a 12 a.m. lan ap leve](#) pou sèvis manje deyò yo apati 17 me epi pou sèvis manje andedan yo apati 31 me. Gouvènè a te anonse tou ke kouvrefe 1 a.m. pou òganizasyon evènman kote patisipan yo te bay prèv estati vaksinasyon oswa yon rezilta tè COVID-19 negatif la ap leve apati 17 me, avèk kouvrefe pou tout evènman yo pwograme pou leve 31 me.

Direktè Egzekitif Alyans Ospitalite Vil New York (NYC Hospitality Alliance) la, Andrew Rigie, te deklare, "Pandemi an te ravaje endistri ospitalite Vil New York la, epi pandan toujou gen yon bon pakou pou rekiperasyon an, anons Gouvènè Cuomo nan kòmansman semèn sa a pou fasilite restriksyon sou restoran ak ba yo, ansanm ak nouvèl yo jodi a ki di okipasyon manje andedan yo pral ogmante nan 75% nan senk minisipalite bay yon dòz otimis pou pwopriyetè ti biznis yo ak travayè yo ki te devaste finansyèman pandan ane pase a. Nou pa ka tann pou travay avèk administrasyon Gouvènè Cuomo a pou re-ouvri san danje Vil New York, pou nou kapab pèmèt kapital restoran nan monn lan tounen ap kwizine ankò".

Direktè Egzekitif Chanm Komès Greater New York la, Mark Jaffe, te deklare, "Nan non 30,000 plis biznis ak lidè sivik nou travay avèk yo; Chanm lan vle aplodi distribisyon vaksinasyon ak aksyon prekosyon Gouvènè a ki pral pèmèt nou yon lòt fwa jwi dinamis ak kilti ke endistri restoran an bay ak tout sila yo ki vizite, travay epi viv nan New York. Pa gen dout ke sante ekonomik nou an te soufri pèt nan zafè manje andedan, men se te menm bagay la pou sante mantal nou tou piske nou pèdi sans kominote nou konn santi lè n ap manje epi gen koneksyon fas a fas avèk kolèg ak pwòch nou yo. Kounye a, avèk aksyon Gouvènè a, nou kapab yon lòt fwa jwi "san danje" atmosfè anpil restoran ki fè New York fòmidadab!"

Prezidan Asosyasyon Restoran, Ba ak Salon Latino Eta New York (NYS Latino Restaurant, Bar & Lounge Association), Jeffrey Garcia, te deklare, "Ba ak restoran yo te pran yon gwo frap ane pase, nan fè sa ki te dwe fèt pou kenbe Nouyòkè yo san danje kont pandemi ravajè a. Nan rann vaksen an aksesib byen fasil pou tout moun epi pran prekosyon kont COVID oserye, Gouvènè Cuomo te mete nou sou ray rapid pou rekiperasyon. Kounye a, avèk ekspansyon kapasite yo, restoran ak ba yo pi pre pou rive kapab fè sa yo fè pi byen: sèvi kominote yo ke yo ankre ladan yo".

Prezidan Kòporasyon Devlopman Ekonomik Global Bronx (Bronx Overall Economic Development Corporation) lan, Marlene Cintron, te deklare, "Vil New York ak Bronx ap rekipere de pandemi COVID-19 la epi pare pou rekonstwi ekonomi an epi bay plis djòb pou moun k ap travay. Anons Gouvènè Cuomo sou ekspansyon manje andedan nan Vil New York ak relachman sou lòt restriksyon sante piblik yo se yon etap nan bon direksyon an pandan nimewo yo ap diminye epi vaksinasyon yo ap ogmante. Nouvo mezi sa yo pral ede travayè nan restoran yo pran swen tèt yo ak fanmi yo atravè vil la epi ede pwopriyetè ti biznis yo kenbe mwayen sibzistans yo".

Prezidan Asosyasyon Salon Maniki Koreyen Ameriken (Korean American Nail Salon Association) New York la, Sangho Lee, te deklare, "Salon maniki yo nan Vil New York te frape di akòz restriksyon sou sante piblik yo, epi anons jodi a pote pou nou yon etap an avan pou asire pwopriyetè ak pèsonèl yo kapab sipòte tèt yo ak fanmi yo. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo dèske li pran mezi pou sipòte salon maniki yo ak lòt biznis nan eta a pandan n ap rekipere de pandemi terib sa a. New York ap avanse epi ap re-ouvri ekonomi an ansanm avèk lasyans ak done yo, epi nou pral konstwi yon vil ki pi djanm ke sa te janm ye anvan".

Prezidan Asosyasyon Salon Maniki Chinwa Amerik Lès (Chinese Nail Salon Association of East America) la, Peter Yu, te deklare, "Pandemi COVID-19 la te frape di biznis New York yo, epi anons ki pral pèmèt salon maniki yo agrandi nan 75 pousan kapsite yo se yon repi ki byenvini pandan yon moman difisil. Travayè nan salon maniki yo depann de biznis lokal yo pou revni ak estabilite, epi sa pral rann li pi fasil pou yo sipòte tèt yo nan eta a. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou lidèchip li nan re-ouvri New York sou baz lasyans epi pa ka tann pou wè ekspansyon New York la kòmanse".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Chanm Komès Manhattan (Manhattan Chamber of Commerce) lan, Jessica Walker, te deklare, "COVID-19 te gen enpak ekonomik negatif sou biznis ak fanmi New York yo, men n ap fè pwogrè nan konbat pandemi an ak remete ekonomi nou an sou ray. Mwen apresye anons jodi a sou relachman nan restriksyon yo pandan pandemi an sou yon seri endistri epi remèsye Gouvènè Cuomo pou lidèchip li nan swiv lasyans ak done pandan y ap pwoteje ekonomi an. Sa pral ede ti biznis, travayè ak fanmi yo nan Manhattan epi mwen aplodi eta a dèske li pran aksyon pou pèmèt nou avanse".

Prezidan Komès Chanm Bronx (Bronx Chamber of Commerce) lan, Lisa Sorin, te deklare, "Restoran ak sèvis swen pèsonèl yo se souvan ti biznis ki sipòte Nouyòkè k ap travay di yo atravè eta a, epi anons Gouvènè Cuomo a ki di kapasite espas pou manje andedan yo pral ogmante nan 75 pousan nan Vil New York se yon nouvo mezi ki byenvini. Nou dwe re-ouvri ak rekonstwi ekonomi nou an pandan done yo ak lasyans amelyore an favè nou, epi nouvo anons sa yo pral ede Nouyòkè yo tounen sou pye yo apre yon ane ki te difisil anpil. Mwen remèsye Gouvènè a pou lidèchip li nan re-ouvri eta nou an epi ede Nouyòkè yo pou rekipere sou plan ekonomik apre pandemi terib sa a".

Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral Chanm Komès Staten Island (Staten Island Chamber of Commerce) lan, Linda Baran, te deklare, "Chanm lan ankouraje avèk anons Gouvènè a jodi a pou agrandi plis kapasite pou biznis yo ki te vreman frape pandan ane pase a. Kapasite ogmante a pral pèmèt plis kliyan, an retou, gen plis revni. Pandan kantite moun k ap vaksinen yo ap ogmante, mete avèk yon konsantrasyon sou re-ouvri konplètman biznis yo, n ap finalman kòmanse wè yon wout devan nou. Kounye a plis ke jamè, nou bezwen gen sipò ti biznis nou yo pou yo kapab sipòte operasyon yo ak grandi".

Prezidan ak Direktris Egezikitif Jeneral Kòporasyon Devlopman Ekonomik Global South Bronx (South Bronx Overall Economic Development Corporation) la,

Lourdes Zapata, te deklare, "Pandan anpil Nouyòkè te repliye lakay yo pandan kòmansman pandemi COVID-19 la, travayè esansyèl nan sèvis manje yo te mete lavi yo andanje pou asire kominote yo jwenn sèvis sa yo. Nou rekonesan pou sèvis yo epi antouzyas dèske li sekiritè pou kòmanse sipòte restoran an pèsòn yo nan pi gwo kapasite. Mèsi, Gouvènè Cuomo, pou travay kontinyèl ou nan rekonstwi ekonomi nou an ak pwoteje travayè yo ki te pwoteje nou pandan ane pase a".

Prezidan Patenarya Vil Long Island, Elizabeth Lusskin, te deklare, "Gras ak travay di Nouyòkè yo nan swiv direktiv sante yo epi pran vaksen, ekspansyon kapasite sa yo ki byenvini kapab kounye a kenbe plis Nouyòkè toujou nan travay. Pratikman tout kalite biznis ke nouvo direktiv sa yo te ede ap fonksyone nan Vil Long Island - itilize kapital Eta New York - epi nou rekonesan anpil anvè Gouvènè a, epi konpatriyòt Nouyòkè nou yo, dèske yo rann sa posib".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Chanm Komès Brooklyn (Brooklyn Chamber of Commerce) Ian, Randy Peers, te deklare, "COVID-19 la te afekte anpil endistri restoran Brooklyn nan te afekte anpil epi anons Gouvènè Cuomo yo pou redui restriksyon sou biznis yo, modifiye lè kouvrefe yo, epi ogmante okipasyon nan espas manje andedan pral ede anpil ti biznis vital nou yo ak travayè yo pou kòmanse yon chemen rekiperasyon. Nou pa ka tann pou travay avèk administrasyon Gouvènè Cuomo pou pèmèt Vil New York retounen nan biznis".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Chanm Komès Queens (Queens Chamber of Commerce) Ian, Thomas J. Grech, te deklare, "Nou rekonesan ke gen lòt ti biznis ki pral otorize ouvri pou peryòd tan ki pi long. Se gratifyan pou wè sa kòm yon apwòch nan fen prentan an ak kòmansman ete a lè tèlman anpil restoran ogmante biznis yo".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)